

# KONNEN DWA OU GENYEN YO SOU KESYON SANTE !



## Genyen Iwa nan peyi Chili ki pwoteje dwa ou genyen pou resevwa swen medikal kèlkeswa kote ou te fèt oswa sityasyon migratwa ou.

Tout imigran ki pa gen mwayen ekonomik kapab ale pran swen nan biwo sante leta yo: Sant sante pou fanmi yo (CESFAM) epi sant sante kominotè yo (CECOSF), menm si yo pa genyen kat idantifikasyon peyi a oubyen viza rezidans. Yo ka enkòpore nan seksyon a nan fon sante nasyonal la (FONASA), ki nan menm biwo sante a atravè yon deklarasyon pou mank resous ekonomik.

- Dekrè N°67 Ministè Sante - MINSAL (2015)



Imigran yo gen dwa pou yo resevwa swen medikal dijans nan sèvis ijans primè yo (SAPU) pou ijans ki gen mwens konplèks yo ak nan sèvis ijans nan lopital peyi a (POSTAS).

- Biwo òdinè N°3.229 MINSAL (2008)



Tout fanm ansent yo gen dwa ak atansyon medikal nan sistèm sante piblik la pandan gwosès la pandan akouchman an ak aprè akouchman jiska 12 mwa aprè nesans la (1 ane).

- Biwo sikilè A 15 N°6 MINSAL (2015)



Tout moun gen dwa pou yo resevwa yon tretman ki desan, ak respè epi ki nan yon lang ki apwopriye pou yo ka konprann. Sa enkli imigran ki pa pale espanyòl, yo gen dwa resevwa tout enfòmasyon yo bezwen, atravè yon ofisyè sante ki prepare pou sa oswa mande sipò ak yon lòt moun ki ka tradwi. Sèvis sante piblik nan komin El Bosque a gen fasilite kiltirèl ki pou sipòte kominikasyon an kreyòl.

- Lwa ak Dwa epi Devwa nan atansyon sou sante. MINSAL (atik 5, 2012)



Imigran yo gen dwa a divès benefis nan sistèm piblik la, tankou sante seksyèl ak repwodiktif: mamografi (radyografi), paptès, metòd kontraseptif (metòd ki anpeche gwosès), kontraseptif dijans, vaksen, nitrisyon siplemantè, swen pou maladi kontajye yo tankou: tibèkiloz, VIH/SIDA, enfeksyon seksyèlman transmisib ak edikasyon sanitè.

- Biwo sikilè A 15 N°6 MINSAL (2015)



Tigason, tifi ak jèn imigran ki poko gen 18 lane gen dwa pou yo pran swen nan sèvis sante piblik yo kèlkeswa sityasyon migratwa yo, oswa sityasyon migratwa manman, papa, titè (yon fanmi, yon pwòch yo) oubyen yon reprezantan legal.

- Rezolisyon egzante N°1.914 Ministè Enteryè (2008)



Nan Chili, yo mete yon plan garanti eksplisit nan kesyon sante (GES) - avan se te plan AUGÉ - ki garanti swen ak tretman sou kèk maladi ak pwoblèm sante ki eksplisit. Imigran yo ki gen pwovizyon sante nan FONASA oswa ki afilye ak ISAPRES (enstitisyon asirans sante) yo kapab gen aksè ak plan sa a.



# ¡CONOZCA SUS DERECHOS EN SALUD!



## Existen leyes en Chile que protegen su derecho a recibir atención médica sin importar dónde nació o su estado migratorio.

Las personas migrantes sin recursos económicos pueden ser atendidas en los consultorios de salud: Centro de Salud Familiar (CESFAM) y Centros Comunitarios de Salud Familiar (CECOSF), aunque no tengan carnet de identidad o visa de residencia. Pueden ser incorporadas en el Tramo A del Fondo Nacional de Salud (FONASA), en el mismo consultorio a través de una declaración de que no se cuenta con recursos.

- Decreto N° 67 del Ministerio de Salud - MINSAL (2015)



Las personas migrantes tienen derecho a atención médica de urgencia en los Servicios de Atención Primaria de Urgencia (SAPU) para emergencias de menor complejidad y en servicios de urgencia de los hospitales del país (postas).

- Oficio ordinario N° 3.229 MINSAL (2008)



Las mujeres embarazadas tienen derecho a atención en el sistema de salud público durante el embarazo, parto y post parto hasta 12 meses después del nacimiento (1 año).

- Oficio circular A 15 N°6 MINSAL (2015)



Todas las personas tienen derecho a recibir un trato digno, respetuoso y en un lenguaje adecuado y entendible. Esto incluye a las personas migrantes que no hablan español, las que tienen derecho a recibir toda la información que necesiten, por intermedio de un funcionario/a de salud preparado/a para aquello o de solicitar el apoyo de otra persona que pueda traducir. Los servicios públicos de salud de la comuna de El Bosque cuentan con facilitadoras interculturales que pueden apoyar en la comunicación en Creol.

- Ley de Derechos y Deberes en la atención de salud. MINSAL (artículo 5, 2012)



Las personas migrantes tienen derecho a diversas atenciones en el sistema público, como salud sexual y reproductiva: mamografía, examen de papanicolau, métodos anticonceptivos, anticoncepción de emergencia; vacunas, alimentación complementaria, atención de enfermedades transmisibles como tuberculosis, VIH/SIDA, infecciones de transmisión sexual y a educación sanitaria.

- Oficio circular A 15 N°6 MINSAL (2015)



Niños, niñas y jóvenes migrantes menores de 18 años tienen derecho a ser atendidos en los servicios de salud pública independiente de su situación migratoria y de la de su madre, padre, tutor o representante legal.

- Resolución Exenta N°1.914 Ministerio del Interior (2008)



En Chile, opera el plan de Garantías Explícitas de Salud (GES) antes plan AUGE, que garantiza la atención y tratamiento en algunas enfermedades y problemas de salud específicos. Las personas migrantes que tienen previsión de salud en FONASA o que están afiliadas a ISAPRES (Instituciones de Salud Previsional) pueden acceder a este plan.